

VIL BOSTON AP TRAVAY AK TWA ÒGANIZASYON KAP EDE KOMINOTE POU BAY BON JAN TRADIKSYON SELON KILTI REZIDAN BOSTON YO.

Nouvo inisyativ sa a pral asire rezidan Boston yo jwenn pi bon aksè nan sèvis vil yo pandan y ap ranfòse kalite kominikasyon nan lang pa yo ak aksè pou tout moun.

BOSTON - Biwo Aksè Lang ak Kominikasyon Vil Boston (LCA) te anonse jodi a seleksyon twa òganizasyon ki ap ede kominote: - Immigrant Family Services Institute (IFSI), Vietnamese American Civic Association (VACA), Asian American Civic Association (AACA) - pou dirije sèvis tradiksyon yo ak revizyon tradiksyon dapre sansibilite kiltirèl nan lang kle sèvis meri yo itilize nan tout vil la. Inisyativ sa a make yon gwo pa annavan pou depatman vil yo nan pwodwi materyèl egzat pou rezidan yo ki sansib kiltirèlman e ki apwopriye tou.

"Tradiksyon egzat e ki adapte kiltirèlman kapab asire chak rezidan Boston pou yo konte sou resous Vil la avèk konfyans. **Mariangelis Solis Cervera, Chèf Ekite ak Enklizyon te deklare** "Nan travay ak patnè kominotè nou fè konfyans yo, n ap asire enfòmasyon esansyèl yo klè epi aksesib-enfòmasyon yo ka utilize."

Kontra sa yo pral ranfòse angajman Vil la pran anvè ekite lang(respe lang) lè yo travay kole kole ak patnè lokal nou fè konfyans yo ki konprann diferans kiltirèl ak lengwistik divès kominote nou yo. Efò sa a asire rezidan Boston yo pral resevwa enfòmasyon enpòtan nan yon fason ki otantik, Kle epi plen ak respè

Jeniffer Vivar Wong, Direktè Biwo Aksè Lang ak Kominikasyon, di: "Nou kwè bon jan kalite kominikasyon ale pi lwen pase tradiksyon-li egzije yon konpreyansyon pwofon sou kontèks kiltirèl la ak bezwen kominote a. "Lè nou fè patenarya ak òganizasyon kap travay nan kominote a, n ap ogmante efo nou pou nou pi pre lang yo pandan nap asire nou chak dokiman ki tradwi li pa selman egzat men sitou li reflekte diferan(latriye) kominote nap sevi yo."

Twa òganizasyon kominotè nou te chwazi yo te resevwa kontra pou bay sipò lengwistik ak bon jan kalite asirans pou lang sa yo:

- Kreyòl ayisyen
- Vyetnamyen
- Chinwa tradisyonèl yo
- Chinwa senplifye

Pandan plizyè ane, IFSI se yon patnè nou fè konfyans nan bay kominote Boston an sèvis tradiksyon ki adapte kiltirèlman, e nou onore pou nou kontinye travay sa a ansanm ak Vil Boston,"Se sa **Doktè Geralde Gabeau Direktè Egzekitif Imigrant Family Services Institute (IFSI)** te di. "Se yon privilèj pou nou remèt yon vil ki depi lontan kap defann misyon nou pou sipòte ak ankadre nouvo rezidan yo."

Kamran Anjum, Direktè Asosye, Asosyasyon Sivik Ameriken Vyetnamyen (VACA) te di:
"Nou onore pou nou kreye patenarya ak Vil la pou nou amelyore aksè nan respe lang.

"Yon Tradiksyon ki anrasinen nan kilti kominote a, ap asire ke chak rezidan resevwa enfòmasyon ki pa sèlman egzat, men tou ki gen respè ak otorite."

Mary Chin, Direktè Egzekitif Asosyasyon Sivik Azyatik Ameriken (AACA), te di:

"Tradiksyon ki baze sou kilti kominote a genyen se kle pou fe tout rezidan yo santi yo wè yo, yo respekte yo e yo enfome yo. "Nou santi nou onore pou nou sipòte angajman Vil la genyen pou aksè ak respe lang yo atravè Boston."

Pwosesis abònman an te kòmanse mwa pase a epi te genyen reyinyon oryantasyon pou chak òganizasyon kominotè, pataje resous yo, pou ankouraje konsistans ak ekselans nan tout materyèl kap tradui yo. Efò sa a bati sou yon vizyon Majistra Michelle Wu genyen pou fè Boston tounen yon espas pou tout moun kote lang pa yon baryè pou rezidan yo kapab jwenn aksè nan sèvis, pwogram ak opòtinite vil la. Pou plis enfòmasyon sou inisyativ aksè nan lang Vil la, tanpri vizite nou nan boston.gov/lca.

###